STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 12 janvye 2015

# GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $36 MILYON POU AKSELERE DEVLOPMAN TRETMAN MALADI SOU BAZ SELIL SOUCH

***Bourad Lajan pral ogmante fòmasyon nan rechèch selil souch***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse yo bay $36 milyon nan twa gwoup rechèch pou devlopman tretman pou kèk nan maladi pi devastatè ki ka jwenn yon bourad ak rechèch selil souch.

"New York resevwa kèk nan chèchè pi briyan ki genyen nan medsin modèn nan, epi jodi a n ap ede yo pouse fwontyè rechèch selil souch yo," te deklare Gouvènè Cuomo. "Eta sa fyè dèske l se yon lidè nan sektè swen sante a, epi ak bourad lajan sa nou pral kontinye devlope pwogram nivo mondyal ak modèn kap fè chimen pou bay plis sante po tout moun nan lemond."

Nouvo seri bourad lajan ki jere nan New York State Stem Cell Science Program lan pral ofri twa sibvansyon sa yo:

- $15.7 milyon pou chèchè nan Weill Cornell Medical College pou devlopman yon tretman pou anemi falsifòm atravè modifikasyon jenetik pwòp selil souch san yon pasyan. Bourad lajan sa pral ede doktè nan Weill Cornell pran aksyon nesesè pou pemye esè klinik sou moun sa kòmanse.

- $11.9 milyon ap bay nan Roswell Park Cancer Institute kap travay sou yon pwojè pou restriktire selil souch kay granmoun ki soti nan san pou kont kansè ovè. Atravè enfizyon selil restriktire sa yo lakay malad kansè, doktè espere deklanche sistèm iminitè pasyan pou devlope yon sous pèmanan selil iminitè kont kansè ki pral founi atak dirab kont kansè ovè.

- $8.8 milyon bay nan Icahn School of Medicine of Mount Sinai pou devlopman pèmanand yon pwosesis pou ogmante kantite selil souch yo ranmase nan priz san lonbilik. Transplantasyon selil souch san konfime li se sèl terapi potansyèl ki genyen pou pi fò pasyan ak kansè san ki pa reponn ak chimyoterapi ansanm ak pou pasyan ki soufri twoub jenetik ki enplike selil san. Pou jewnn selil stem san pou transplantasyon, doktè itilize koleksyon san cord, ki gen ladann sèlman yon kantite limite selsil stem. Chèchè nan Mount Sinai devlope yon metòd pou ogmante kantite selil souch 35-fold epi ap chèche vanse ak esè klinik.

Touletwa inisyativ yo deja ranpòte siksè nan divès laboratwa epi chèchè, anba gidans pwogram lan ak yon ekip espè wo nivo, pral travay ak Food and Drug Administration pou reyalize dènye egzijans ki nesesè yo anvan esè sou moun ka kòmanse.

Komisyonè Sante Eta New York Doktè Howard Zucker te di konsa, "Rechèch la ki se rezilta bourad lajan sa vital pou elimine maladi nan mond lan ki touye twòp moun nou twò bonè. Grasa envestisman nan toulede pwogram ak rechèch modèn pou amelyore konesans ak edikasyon nan selil souch, Eta New York vin byen rapid yon lidè nasyonal nan domèn syantifik sa kap boujonnen."

Bourad lajan sa se dezyèm seri sibvansyon ki mete sou pye pou sipòte rechèch nan tèt kole ki fokis sou maladi ak sante kòm rezilta atravè yon pil disiplin. Premye seri sibvansyon "Consortia" te anonse nan mwa mas 2013 epi te founi apeprè $38 milyon bY SUNY Upstate Medical University, Memorial Sloan Kettering Cancer Center, ak Regenerative Research Foundation pou pwojè ki fokis sou tretman ki baze sou selil souch pou Sklewoz Miltip, maladi Parkinson, ak Dejeneresans Makilè ak Laj, youn apre lòt.

Anplis finansman ki angaje nan consortia rechèch revolisyonè sa yo, New York State Stem Cell Science Program bay preske $2 milyon nan finansman Rensselaer Polytechnic Institute, Columbia University, ak Cornell University pou sipòte pwogram ki ede ankouraje enterè nan rechèch anrapò ak selil souchlakay elèv nan segondè. Chak enstitisyon envite pwofesè byoloji klas segondè pou yo patisipe nan rechèch selil souch on pandan ete a pou ogmante konpreyansyon yo sou syans selil souch epi ankouraje yon apresyasyo pi gwo kontèks kote rechèch la ap fèt la. Pwofesè pral pote esperyans sa yo tounen nan salklas yo pou kòmanse fòmasyon ak pou angaje fiti jenerasyon syantifik New York.

Pou fini, pwogram lan bay $250.00 pou American Museum of Natural History pou pwogram ki pote konesans selil souch lakay divès piblik granmoun atravè esperyans aprantisaj sou plas oswa sou entènèt. Inisyativ sa kapitalize sou esperyans Mize a kap bay pwogram pou granmoun ki reyisi, ansanm ak patenarya li ak Khan Academy, pou bay konesans sou entènèt. Espètiz syantifik nan byoloji selil souch pral soti nan New York Stem Cell Foundation.

**Pwogram Syans Selil Souch Eta New York**
Pwogram Syans Selil Souch Eta New York se yon pwogram finansman rechèch selil souch plizyè milyon dola Eta New York, dezyèm pi gwo pwogram nan peyi a. Li travay anba sipèvizyon Komisyon Stem Cell Empire State la, misyon l se "pou ankouraje yon kominote rechèch selil souch solid nan Eta New York ak pou akselere kwasans konesans syantifik osijè biyoloji selil souch ak terapi devlopman ak metòd dyagnostik daprè piwo standa etik, syantifik, ak medikal nan bi pou soulaje maladi ak amelyore sante moun." Grasa NYSTEM, Eta New York te envesti plis pase $300 milyon dola nan 35 enstitisyon Eta New York pou rechèch, enfrastrikti ak edikasyon depi kreyasyon l nan lane 2007.

Konsèy Stem Cell Empire State te kreye pou konseye Komisyonè Sante Eta New York osijè pwogram NYSTEM. Konsèy la fonksyone atravè de komite pèmanan ki te etabli nan lwa sante piblik la. Komite finansman sipèvize solisitasyon, revizyon ak prim nan sibvansyon rechèch. Komite etik la chaje pou fè

rekòmandasyon bay komite finansman nan sa ki gen pou wè ak nòm syantifik, medikal ak standa etik nan domèn rechèch selil souch.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride